



## TPS POU AYITI

*Kesyon Ki pi Komen sou koze TPS la (Kesyon tout moun vle poze)*

Nan dat 20 Novanm 2017, Depatman Sekirete Leta (Department of Homeland Security oubyen DHS) tèmine Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status oubyen TPS) pou Ayiti. Dokiman sa (TPS) la te gen pou ekspire 22 Janvye, 2018, men DHS (ki se Depatman Sekirite Leta) deside pou pwolonje TPS la pou 18 mwa avan dat tèminatsyon an (jiska 22 Jiyè 2019). Fwa sa, pap gen lot chans, yo konkli ke DHS pap pwolonje TPS ankò.

18 Janvye 2018 DHS piblè yon avi nan Federal Register (jounal govènman nasyonal la) ki bay yon eksplikasyon sou kouman Ayisyen ki genyen TPS kapab anrejistre ankò epi aplike pou pèmi travay, ki rele Employment Authorization Documents (dokiman otorizasyon travay). Anba, nou bay yon rezime sou ki sa ou gen pou fè.

### Èske m bezwen anrejistre pou TPS ankò menmsi yo tèmine TPS pou Ayiti?

Si ou gen TPS epi ou vle kenbe estati w jiska 22 jiyè, 2019, **ou oblige anrejistre ankò**. Fòk ou ranpli ak depoze yon [Form I-821 Application for Temporary Protected Status](#) (fòm I-821 ki se aplikasyon pou Estati Pwoteksyon Tanporè). Ou oblige gen yon so (sa vle di, ou oblige depoze dokiman nan Post Office) sou li ki gen dat **19 Mas 2018** pou pi ta. Pou evite w pèdi opotinite anrejistre pou TPS ankò, fòk ou reyaji touswit. Pa rete tann jiska pèmi travay ou ekspire. Pa rete tann jiska dènye moman pou depoze fòm ou yo. Voye yo ale pi vit ke posib!

Ou pa oblige peye \$50 pou fòm I-821. Men, ou oblige peye \$85 ki se frè sèvis biyometrik la. Si ou pa gen lajan peye, gen de fason pou ou renonse frè a (sa vle di, pou w pa peye). Ou met ranpli Form I-912 Request for Fee Waiver (Fòm I-912 pou Mande Renonse Frè a), oubyen ou met voye bay yon lèt pesonèl ki eksplike kondisyon lavi w ki fè w pa kapab peye frè a.

### Èske m oblige aplike pou yon nouvo otorizasyon travay?

Si ou genyen yon pèmi travay epi ou gen estati TPS, epi si w te resevwa pèmi travay la apre dènye ekstansyon TPS nan jiyè 2017, pèmi travay ou gen pou ekspire 21 Janvye 2018. Dapre nouvo desizyon yo pran, pèmi travay ou pwolonje otomatikman pou 180 jou, jiska 21 jiyè 2018. Si ou aplike pou anrejistre pou TPS ankò 19 Mas pou pi ta, ou met travay legalman jiska 21 jiyè 2018 menmsi ou pa aplike pou nouvo pèmi travay. Si ou deside pa aplike pou yon nouvo pèmi travay, fòk ou enprime yon kopi [Federal Register Notice](#)<sup>a</sup> (Avi Govènman) ki anonse TPS pwolonje pou Ayiti pou 18 mwa epi montre anplwayè ou sa pou montre jan pèmi travay aktyèl ou valab jiska 21 jiyè, 2018.

<sup>a</sup> Ou ka jwenn avi gouvenman (Federal Register Notice) isit <https://www.gpo.gov/fdsys/pkg/FR-2018-01-18/pdf/2018-00886.pdf>

Si ou te aplike pou yon nouvo pèmi travay nan dènye ekstansyon TPS nan Jiyè 2017 men w ap toujou tann pèmi travay ou rive (sa vle di, li poko nan men ou menmsi ou te aplike pou li), pèmi travay ki nan men ou pral ekspire 22 jiyè 2017. Men, ou toujou pwoteje anba nouvo ekstansyon otomatik la, epi ou met travay legalman jiska 21 jiyè 2018 menmsi ou pa aplike pou nouvo pèmi travay. Pou montre ou kalifye pou travay legalman jiska 21 jiyè 2018, fòk ou enprime yon kopi Federal Register Notice (Avi Govènman) ki anonsé TPS pwolonje pou Ayiti, epi fòk ou montre avi w ki montre ou depoze aplikasyon pèmi travay la (Notice of Action, Form I-797 ki se Avi Aksyon Fòm I-797) ki note yo resevwa aplikasyon ou 24 me, 2017 oubyen pi ta, epi fòk ou enprime this statement (deklarasyon sa) epi montre anplwayè ou tout dokiman sa yo. Nan monman USCIS apwouve aplikasyon ou pou anrejistre ankò pou TPS epi ou aplike epi peye pou nouvo EAD (sa vle di, nouvo otorizasyon travay la) oubyen si USCIS dakò ou pa oblige peye/pou w renonse frè a, w ap resevwa yon nouvo otorizasyon travay ki gen pou ekspire 22 jiyè 2019.

Si ou vle resevwa yon nouvo kat pèmi travay ki di li ekspire 9 septanm 2019, ou oblige ranpli ak depoze Form I-765 (Application for Employment Authorization) (Fòm I-765 ki se Aplikasyon pou Otorizasyon Travay) epi peye frè \$410 anplis ak Fòm I-821 ki se aplikasyon TPS la. Si ou pa kapab peye \$410, gen de fason pou ou ranonse frè a. Ou ta ka ranpli Fòm I-912 ki mande pa peye frè a oubyen ou met depoze yon lèt pesonèl ki eksplike kondisyon lavi w ki fè ou pa kapab peye frè a. Si ou anrejistre pou TPS avan dat limit la, epi si ou aplike pou yon nouvo pèmi travay, y ap otomatikman pwolonje pèmi travay ou pou 180 jou, sa vle di jiska 21 jiyè 2018.

## Ki sa rive nan monman TPS fini?

Si ou pa fè anyen, pèmi travay ou pral ekspire 21 jiyè 2018. Si ou aplike 19 mas 2018 pou pi ta pou rejistre ankò, pèmi travay ou pral ekspire ansanm ak estati TPS ou 22 jiyè 2019. Fòk ou fè yon konsiltasyon ak yon bon avoka ak kiyès ou gen konfyans pou byen gade posibilité jwenn lòt pwoteksyon oubyen estati imigrasyon. Ou met chache sèvis legal disponib nan kominate ou isit: <https://www.immigrationadvocates.org/nonprofit/legaldirectory/>. Si ou viv nan leta ki nan 9 Sikwi (sa vle di Alaska, Arizona, California, Hawaii, Idaho, Montana, Nevada, Oregon, Washington) oubyen nan 6 Sikwi (Kentucky, Michigan, Ohio, Tennessee), gen lè ou elijib pou opsyon imigrasyon anplis. Pou plis enfòmasyon, ou met li [ILRC Practice Alert on Ramirez v. Brown](#) (yon eksplikasyon ka jiridik *Ramirez v. Brown*).

Pou plis enfòmasyon, couple gade resous CLINIC [Federal Register Notices Published for TPS for Haiti and El Salvador](#).<sup>b</sup> (Avi *Federal Register* TPS pou Ayiti ak Salvadò).

---

<sup>b</sup> Ou ka jwenn resous CLINIC isit <https://cliniclegal.org/resources/federal-register-notices-published-tps-haiti-and-el-salvador>.